

## Rapò pou remèt Kongrè Etazini sou Eta Avansman Efò Reyabilitasyon ak Devlopman ki fèt apre Tranblemandtè a ann Ayiti

Rapò sa a fèt pou satisfè egzijans “Lwa 2014 sou Evalyasyon Pwogrè ki fèt ann Ayiti” (P.L. 113-162) (“Lwa a”), ki te bay Sekretè Deta a direktiv pou remèt bay Kongrè a yon rapò anyèl sou estati efò reyabilitasyon avèk devlopman ann Ayiti ki fèt apre tranblemandtè a. An kolaborasyon avèk lòt sèvis Leta Ameriken, Depatman Deta ap remèt rapò a bay Komisyon Afè Etranjè a, Komisyon Apwopriyasyon an, ak Sou Komisyon sou Operasyon Eta, Etranje a, ak Pwogram Relatif nan Chanm Reprezantan an, epi Komisyon sou Relasyon Eksteryè a, Komisyon sou Apwopriyasyon ak Sou Komisyon sou Operasyon Eta, Etranje a, avèk Pwogram relatif nan Sena a. Akoz pòte enfòmasyon Lwa an ap chèche, rapò an divize ant plizyè pyès jwent; pami pyès jwent sa yo, genyen ki sou fòm tablo. Genyen yon list kontni pès jwent yo nan [Anèks A](#).

Kounye a sa fè preske sèt (7) lane depi yon tranblemandtè te pote gwo destriksyon ann Ayiti nan dat 12 janvyè 2010. Pandan twa (3) lane ki pase yo, asistans Etazini te soti nan sekou nan ka dijans rive nan efò rekonstriksyon ak devlopman a lon tèm ki konsantre sou kreyasyon anplwa, plis aksè nan sèvis de baz yo, ranfòsman kapasite leta, devlopman katye epi sekirite alimantè. Leta ameriken te pwomèt 3 milya 200 milyon dola US pou efò asistans sa yo, avèk 93 pousan nan fon sa yo ki te fon angaje, epi 78 pousan ladan yo te dekese lè nou te nan mwa septanm 2016 lan. Pandan ane ki fèk pase a, enstabilite politik, sechrès ak yon gwo depresyasyon nan valè monè nasyonan Ayiti a te kreye difikilte pou efò devlopman yo. Sepandan, kèk pwogrè te fèt nan kat (4) pilye nan "Estrateji Leta Ameriken pou Ayiti apre Tranblemandtè a": pou Opòtinite ak Revitalizasyon Ekonomik; " Enfrastrikti ak Enèji; Sekirite Alimantè e Ekonomik; Sante avèk lòt Sèvis de Baz; epi Bon Gouvènans ak Eta de Dwa.

Pou ofisyèl ayisyen yo kapab sèvi kòm asosye efikas nan devlopman, yo dwe repoze sou enstitisyon politik ki solid epi lejitim. Pandan ane 2013 la, rive jis nan ane 2016, absans konsansis pami elit politik ayisyèn yo te anpeche pwogrè fèt pou eleksyon kredib te dewoule dapre kalandriye ki te tabli a. Puiske eleksyon pat fèt anvan janvyè 2015 pou ranplase ofisyèl sòtan yo, Palman an te vin kadik lè manda tout palmantè yo, sòf 10, te rive nan bout yo, e sa te lakoz Prezidan Martelly tap dirije peyi a ak dekrè. Eleksyon palmantè yo te fin pa fèt nan mwa out 2015 la, epi premye tou elekson prezidansyèl avèk palmantè yo te dewoule nan mwa oktòb 2015 -- seyans palman eli a ki te kòmanse nan mwa fevriye 2016 la te reprezante yon pwen referans elektoral.

Pwosesis elektoral prezidansyèl la pat avanse jan sa te pwograme a. Pandan te genyen akizasyon san fondman sou fwod avèk menas vyolans, Konsèy Elektoral Pwovizwa a (KEP) te anile dezyèm tou eleksyon yo ki te pwograme pou mwa desanm 2015. Prezidan Martelly te kite pouvwa an lè manda li te pran fen nan mwa fevriye 2016, epi Palman an te eli youn nan manm li yo, Jocelerme Privert, kòm prezidan pwovizwa pou kat (4) mwa pou jere aboutisman pwosesis elektoral la. Manda Prezidan Privert la te sipoze fini le 14 jwen; men Privert te kontinye sèvi kòm prezidan menmsi estati li kòm prezidan pwovizwa te lakoz anpil deba nan palman ayisyen an. Yon komite espesyal pou verifikasyon eleksyon yo te etidye pwosesis eleksyon ki te fèt ann oktòb 2015 la, epi li te rekòmande pou yo refè eleksyon yo paske li te jwenn anpil iregilarite. Se konsa KEP a te deside rekòmanse a zewo pou refè premye tou eleksyon prezidansyèl la, e li te pwograme eleksyon sa yo pou dat 9 oktòb. Apre sa, dega pasaj Siklòn Matye te koze, te fè yo ranvwaye eleksyon sa yo yon denye fwa pou dat 20 novanm.

Pandan tout ane 2016 la, efò Etazini te deplwaye ann Ayiti te konsantre sou reyisit òganizasyon eleksyon yo. Etazini te depanse anviwon 33 milyon dola ameriken nan asistans elektoral pandan sik elektoral pwolonje sa a, pou fòmasyon ofisyèl avèk obsèvatè elektoral yo, epi pou ofri apui lojistik tankou transpò ofisyèl, bilten avèk ekipman elektoral yo. An kolaborasyon avèk USAID, Enstiti Nasyonal Demokratik la (National Democratic Institute - NDI) ak Fondasyon Entènasyonal pou Pwosesis Elektoral yo (International Foundation of Electoral Processes) te depanse anviwon 12 milyon dola ameriken ki te sòti nan kès Leta ameriken ant ane 2013 e 2016 pou fè pwosesis elektoral la vin pi transparan e pi ekitab a travè angajman sivik pou ogmante patisipasyon elektè yo, pou ranfòse kapasite monitè elektoral ayisyen yo epi pou travay avèk òganizasyon sivik yo pou anpeche vyolans elektoral. Anplis de sa, Etazini te bay OEA 2 milyon dola ameriken pou misyon obsèvasyon elektoral li a, epi li te bay Biwo Nasyonzini pou Sèvis Pwojè (UN Office of Project Services) anviwon 5 milyon dola ameriken pou apuiye lojistik elektoral yo. Plis enfòmasyon sou inisyativ asistans Etazini ki gen rapò avèk bon gouvènans yo disponib nan [Anèks I](#).

Nan domèn Enfrastrikti ak Enèji a, Pak Endistriyèl Karakòl la (PIC) ki te fonde nan ane 2012, te kontinye sèvi kòm yon modèl patenarya piblik-prive nan rejyon nò Ayiti e li te kontinye demach li yo bò kote nouvo lokatè epi kreye nouvo anplwa. Kantite anplwaye ki te nan PIC a te ogmante pou rive jis 10 mil 393 vè 30 jwen, alòske chif la te 8 mil 646 pandan ane presedan an. Valè ekspòtasyon PIC te fè te depase 100 milyon dola ameriken nan twa (3) premye trimès ane 2016 la. Pou ankouraje ekspansyon PIC plis ankò, Gouvènman Ayisyen an avèk USAID te ranfòse amelyorasyon pò Kap-Ayisyen an ki pa lwen -- avèk asistans USAID, Gouvènman Ayiti an te prepare pou ofri yon kontra pou operasyon avèk jesyon pò

a. Daprè previzyon yo, kontra sa a dwe antre ann efè vè Prentan 2017, epi USAID pran dispozisyon pou l ofri sèvis dirèkteman pou rekonstriksyon pò a pi ta nan ane 2017 la. USAID ap bay asistans tou pou fòme ofisyèl yo pou fonksyon ladwann yo kapab pi efikas, epi pou operasyon reglemantè pò yo kapab pi transparan.

Asistans pouabri Etazini te bay te konsantre sou manyè ki ekonomik pou ogmante pak imobilye a. Pou sa kapab fèt, yo te ogmante aksè pou lojman a pri modere e a pri fèb pou kapitalize sou efò sektè prive a tap fè pou konstriksyon epi reparasyon lojman yo. Avèk asistans gouvènman ameriken an atravè USAID, inite pou lojman sosyo Gouvènman Ayiti an, Antrepriz piblik pou pwomosyon lojman sosyo (EPPLS), ap pran plis responsabilite pou patisipe nan devlopman kominotè, a travè aktivite tankou netwayaj ak mentnans zòn pataje yo, drenaj epi ramasaj dechè solid yo. Izin elektrik la ki te konstwi pou mete kouran a la dispozisyon PIC, ofri elektrisite tou 24 sou 24 bay 8 000 rezidan avèk biznis ki nan zòn ki alantou yo. Lè santral la te fin founi branchman avèk kontè, to rekouvremman an te ogmante jiska 85-90 pousan. Plis enfòmasyon sou pwogrè efò Etazini fè pou ekspansyon pak endisyriyèl la, enèji, lojman avèk pò yo disponib nan [Anèks E](#).

Nan domèn Sekirite Alimantè ak Ekonomik, asistans Gouvènman Ameriken an te bay te ede agrikiltè ayisyen yo ogmante pwodikтивite a, amelyore jesyon basen vèsan yo ak sistèm irigasyon yo, epi entansifye lyen dirèk ki tabli ant vandè ak achtè pwodwi agrikòl yo. Anviwon 80 000 agrikiltè plis ke double revni yo lè yo te vin benefisyè inisyativ Feed the Future USAID a. Pi fò nan kwasans anplwa yo gen orijin yo nan ti antrepriz yo, donk pwogram USAID pou antrepriz lokal yo ak amelyorasyon chèn valè --ki rele Local Enterprise and Value Chain Enhancement Program-- te ofri asistans teknik avèk sèvis devlopman antrepriz ki te ranfòse jesyon epi amelyore nivo kalite pwodwi yo pou plis pase 1 000 mikro, ti ak mwayèn antrepriz. Anplis de sa, pwogram pou aplikasyon investisman dirèk avèk efè levye a --ki rele Leveraging Effective Application of Direct Investments-- te ede atire investisman a travè sibvansyon a kontrepati. Avèk travay Depatman Trezò a fè, Lèzetazini te ede Gouvènman Ayisyen an tou konsolide kont finansye yo epi ogmante transparans avèk pwodiksyon resèt yo. [Anèks L](#) bay plis enfòmasyon sou inisyativ Etazini te pran nan domèn sekirite alimantè a, epi [Anèks J](#) bay plis detay sou angajman Etazini avèk sektè prive Ayisyen an.

Nan domèn Sante avèk Sèvis de Baz yo, asistans Gouvènman Ameriken an te amelyore endikatè sanitè yo gras ak kèk pwogram ki te anba jesyon Sant Ameriken pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi --Centers for Disease Control and Prevention (CDC)-- avèk USAID. Apre kantite ka kolera yo te atenn somè li nan ane 2011, chif la te anrejistre yon rediksyon 92 pousan lè ane 2014 te rive; sepandan, te genyen kèk ka ogmantasyon nan ane 2015 ak 2016 akòz gwo lapli ki

te tonbe, rediksyon nivo adezyon nan pratik prevansyon yo, mete sou yon rediksyon iminite popilasyon an. Pousantaj malad sewopozitif pou VIH ki gen aksè ak medikaman triterapi yo te sibi yon ogmantasyon ki te rive jis nan 82 pousan --e 90 pousan malad yo sete fanm ansent. Asistans nan domèn sante a te konsantre sou konstriksyon kapasite Gouvènman Ayiti an pou li ofri sitwayen li yo bon kalite swen sante nan lavni, pandan lap garanti ke popilasyon an jwenn swen sante li bezwen nan limedya. Ministè Sante a ann Ayiti te sèvi kòm ministè pilòt lè li te pran yon pi gwo responsabilite pou li swiv depans yo. Ministè an te mete an plas tou yon sistèm finansman ki baze sou rezilta e ki oryante prim pou pèfòmans an favè enstalasyon sanitè ki bay bon rezilta yo.

Nan domèn Gouvènans ak Eta de Dwa a, biwo Depatman Deta ki responsab lit kont stipefyan epi pou afè travay lapolis --ki rele Bureau of International Narcotics and Law Enforcement Affairs (INL)-- ak USAID ap travay pou fè pwomosyon pou sèvis administratif ak sèvis fòs de lòd ki efikas, transparan e ki oblije responsab yo rann kont de travay yo. INL te travay pou ranfòse sistèm jistis penal la ann Ayiti. Pou l te fè sa, li te ede fè pwomosyon pou respè dwa moun, amelyore efò pou lite kont trafik stipefyan epi li te renove enstalasyon kaseral yo. INL te fòme epi ekipe Polis Nasyonal d Ayiti (PNH) epi ede konstwi fòs polis la ki kounyè a gen preske 15, 000 ajan. PNH te jwe yon wòl enpòtan pou asire sekirite pandan 2 tou eleksyon ki te fèt nan mwa out ak oktòb 2015 yo. INL ak biwo afè politik ak militè Depatman an --ki rele Bureau of Political-Military Affairs (PM)-- te kontinye ede Gad Kot la mentni flòt maritim li epi pwofesjonalize efektif li yo.

Nan ane 2016 la, Enspektè Jeneral PNH la te revoke 30 ajan lapolis paske yo te anba divès akizasyon, sòti nan absans nan pòs yo pou rive nan enfraksyon kriminèl. Nan mwa desanm 2015, yon tribinal ayisyen te kondane yon ofisyèl nan OAVTC pou detouneman fon epi te ba li yon santans 56 mwa prizon. Sa te make premye pouswit pou koripsyon ki reyisi abouti dapre Lwa Anti-Koripsyon 2014 la. Jij ki tap prezide afè a te resevwa fòmasyon nan pwogram inisyativ sou Eta de dwa INL la avèk bawo ameriken ki rele American Bar Association Rule of Law Initiative. Gouvènman ameriken an, a travè INL, te ede redwi si-popilasyon nan prizon yo avèk konstriksyon nouvo prizon nan Kabarè e nan Fò Libète nan ane 2016 la. INL te travay tou pou amelyore endepandans jidisyèl a ak efikasite administratif tribinal yo. USAID te ofri lojisye avèk fòmasyon pou minisipalite sib yo, e sa te ogmante resèt fiskal yo epi amelyore planifikasyon kominotè a ak livrezon sèvis yo tou. Plis detay sou angajman avèk òganizasyon sosyete sivil yo disponib nan [Anèks F](#) avèk [G](#) yo epi yon lis konplè pwogram avèk pwojè ann Ayiti disponib nan [Anèks B](#), List Aktivite an.

Nan yon peyi ki pi ekspozè anba katastwòf natirèl pase preske tout lòt peyi, pat gen otan pwogrè nan rekonstriksyon ak devlopman sou lon tèm ke sa Ayiti oubyen Etazini te espere a. Malgre sa, gwo reyalizasyon te fèt nan domèn tankou pwofesyonnalizasyon lapolis, endikatè nan domèn sante, e nan pwodiksyon agrikòl. Yon deskripsyon pwen repè ak endikatè ki lye avèk objektif devlopman yo disponib nan [Anèks C](#) .

Byen ke founisè asistans Etazini yo pat fè gwo ajisteman nan estrateji yo pandan ane 2016 la, yo te kontinye aplike de (2) chanjman enpòtan ki te fèt pa rapò ak (2) lane presedan yo. Premyèman, nan domèn lojman an, asistans la te evolye soti nan konstriksyon nouvo kay pou rive nan konpleman solisyon lojman sektè prive a te pote. Nouvo oryantasyon sa a, ki ralonje resous finansyè yo pou ede plis Ayisyen, te konsantre sou amelyorasyon nan aksè ak finansman pou lojman, sou devlopman kominotè, epi mentnans ak amelyorasyon katye ki egziste deja yo. Dezyèmman, pwojè pou konstriksyon yon pò san kontaminasyon pou apuiye Pak Endistriyèl Karakòl la te chanje sou demand Gouvènman Ayisyen an, ki te chwazi pito reyabilitasyon pò ki deja egziste nan Kap Ayisyen an. Toulede nan ajisteman sa yo te diminye lajan pwojè a koute epi amelyore dirabilite li paske li fè pwomosyon pou solisyon lokal yo mete sou le fèt ke Gouvènman Ayisyen an te aksepte li. Deskripsyon chanjman sa yo, menm jan avèk lòt ti ajisteman nan estrateji a, disponib nan [Anèks D](#) .

Ayiti fè pwogrè enpòtan nan pwòp rekonstriksyon avèk devlopman li. Etazini genyen yon enterè nasyonal enpòtan ki chita nan asistans li pote pou asire yon avni pwospè, estab epi sen pou yon vwazen ki tèlman pre kòt nou yo, epi li pran angajman pou li bay asistans pou devlopman Ayiti a lon tèm. Plis enfòmasyon sou angajman Etazini anvè Ayiti disponib nan [Anèks H](#), [K](#), [M](#), [N](#), epi [O](#).